

KOMINIKE POU LAPRES

*Anbasad peyi Etazini Damerik
Biwo Zafè Piblik*



*Taba 41, Boulva 15 Oktòb
Pòtoprens, Ayiti
Tél: 2229-8351 / 2229-8903*

Nan dat 21 desanm
2018
No. 2018/28

Administratè Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal (USAID), Mark Green vizite Ayiti

Administratè Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal, Mark Green, te vizite Ayiti sòti 18 pou rive 21 desanm. Pandan vizit li a, administratè a te vizite pwogram ke USAID finanse nan domèn lasante, lagrikilti ak antreprenarya, epi li te rankontre ak reprezantan gouvènman ayisyen-an, sektè prive a, patnè donatè ak òganizasyon relijyez yo.

Pandan rankont li yo ak prezidan ayisyen Jovenel Moïse ak Premye Minis Jean-Henry Céant, Administratè Green te ensiste sou enpòtans yon gouvènans ki transparan epi ki konsidere sitwayen yo. Anplis de sa, Green Administratè te ensiste sou nesosite pou gen refòm nan bidjè-a pou ankouraje estabilite an Ayiti, sa ki ta ka kontribye pou kreye opòtinite ekonomik alontèm. Pandan vizit li an Ayiti, Administratè a te remèsye tou òganizasyon relijyez lokal ak ameriken yo pou angajman yo pou pèp ayisyen an, epi akeyi opinyon yo sou fason ki pi bon pou ede peyi a fè pwogrè nan devlopman li, sitou nan sektè lasante ak ledikasyon.

USAID ap travay avèk patnè li yo pou bati yon Ayiti estab epi ki solid ekonomikman, ki konsantre sou pwomosyon rezilyans, ki ankouraje kwasans ekonomik, kreye djòb, bay swen sante debaz, ledikasyon, ranfòse sekirite manje ak amelyore kapasite ak efikasite gouvènman ayisyen an.

(Tèks la fini)